

KONSÈY POU TRANZISYON



KONSÈY POU TRANZISYON



800-825-5736

www.fndusa.org | fnd@fndusa.org

*“Lite pou moun ak andikap
yo patisipe menm jan ak tout moun
nan yon sosyete san baryè.”*

Teknik pou Kominikasyon ki Baze sou Kolaborasyon

Kominikasyon ki Baze sou Kolaborasyon nan kontèks andikap la se yon prensip ki gen pou wè ak kapasite moun, fanmi, edikatè, ak lòt pwofesyonèl pou yo pataje, tandè, ak konprann enfòmasyon enpòtan yo chak genyen nan men yo san pwoblèm. Kominikasyon ki Baze sou Kolaborasyon ankouraje tout moun ki konsène yo di sa yo santi onètman pandan li pèmèt gen chita pale ak dezakò tou.

Pataje Konesans ou Sèl Genyen

Moun yo ak fanmi yo gen enfòmasyon enpòtan pou pataje okenn lòt moun p ap janm konnen si yo pa pataje yo. Kreye yon “Pwofil Pèsonèl Pozitif”. Lè ou kreye yon Pwofil Pèsonèl Pozitif, sa kapab ede lòt moun konnen pi byen kiyès ou ye, kisa ou kapab fè, ak kisa ki enterese ou. (Gade nan Lòt Resous pou jwenn plis enfòmasyon.)

Atansyon ak Kominikasyon ki pa Vèbal

Pafwa ou kenbe kò ou, ekspresyon figi w, ak jès ou fè kapab voye mesaj ki fò anpil. Eseye kenbe kò ou byen, gade moun yo nan zye, souri, epi rete kalm.

Aprann Koute Moun Byen

Fason nou tèlman ap reflechi sou repons nou pral bay la, nou pa pran san nou pou tandè sa moun yo ap di a. Eseye kèk nan teknik sa yo:

- **Repete sa ou panse ou te tandè a pou w ka sèten ou konprann.**
- **Pou evite jije avan ou gen tout enfòmasyon yo, fè yon ti efò pou w pa koute ak emosyon.**
- **Fè atansyon. Nan fen konvèsasyon an, repete menm sa moun yo te di a yon lòt jan pou konfime si tout moun nan konprann bagay yo menm jan an. Kontinye konvèsasyon an si sa nesèsè pou rezoud nenpòt konfizyon.**

Kominike Alekri

Nan fen yon reyinyon, ekri yon rezime ak kisa nou te diskite ak nenpòt bagay chak moun sipoze fè.

Itilize Estrateji ki Ankouraje Kominikasyon ki Baze sou Kolaborasyon ki Montre Respè

Evite fè sipozisyon epi pa itilize jagon. Pataje enfòmasyon ki konplè, onèt, ak san paspouki, epi ki respekte diferans kiltirèl yo.

Aprann Règ ak Pwosedi yo

Plis ou konprann kijan bagay yo mache, w ap pi byen prepare pou jwenn pi bon solisyon posib.

Lòt Resous

Pwofil Elèv ki Pozitif

Sitwèb FND la gen lòt enfòmasyon sou fason pou kreye yon Pwofil Elèv ki Pozitif, ak enstriksyon ki detaye.

www.fndusa.org

National Dissemination Center for Children with Disabilities (NICHCY)

P.O. Box 1492 • Washington, DC 20013

Telefòn: 800-695-0285 v/tty • Imèl: nichcy@aed.org

www.nichcy.org

Enfòmasyon gratis ki ka itil ou

tankou resous ou ka telechaje ki anba la a

Fason pou Kominike ak Lekòl Pitit ou

Lè ou Ekri Lèt (PA9)

<http://nichcy.org/wp-content/uploads/docs/pa9.pdf>

Lwa Konsènan Re-Adaptasyon (The Rehabilitation Act)

Objektif Lwa Konsènan Re-Adaptasyon a se pou ede moun ak andikap yo jwenn travay, vin otonòm ak lajan, otonomi, ak entegre nan sosyete a.

Lwa Konsènan Re-Adaptasyon a se lwa Federal ki otorize fòmil sibvansyon pou pwogram re-adaptasyon pwofesyonèl, travay avèk sipò, lavi otonòm, ak asistans kliyan. Epi tou li otorize plizyè diferan sibvansyon pou fòmasyon ak sèvis pou Administrasyon Sèvis Re-Adaptasyon an jere selon jijman li.

Lwa Konsènan Re-Adaptasyon a genyen ladan plizyè kondisyon ki konsantre sou dwa, defans, ak pwoteksyon pou moun ak andikap. Li otorize aktivite rechèch Enstiti Nasyonal pou Rechèch sou Andikap ak Re-Adaptasyon (National Institute on Disability and Rehabilitation Research, NIDRR) ap fè ak travay Komite Nasyonal Pou Andikap (National Council on Disability).

Pwogram ki Resewwa Sipò Grasa Lwa Konsènan Re-Adaptasyon a Gen Ladan:

Ajans Re-Adaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR)

ajans re-adaptasyon pwofesyonèl Eta ki ede moun ak andikap k ap aprann yon metye ak fòmasyon, edikasyon, ak finansman.

Pou yon lis ajans VR ki nan eta a, ale sou
<http://askjan.org/cgi-win/TypeQuery.exe?902>

Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Programs, CAP)

CAP se yon rezo ajans pou dwa moun ak andikap ki konsantre sou zafè jiridik nan tout peyi a epi ki gen mande kongrè a.

Pou jwenn yon lis biwo CAP yo, ale sou
<http://askjan.org/cgi-win/TypeQuery.exe?039>

Pwojè Teknoloji ki Asiste (Assistive Technology, AT) Eta a

Pwojè sa yo kapab bay asistans teknik ak teknoloji ki asiste, konsiltasyon, demonstrasyon pwodwi, prete ekipman, ak kredi ki gen yon ti kras enterè pou moun ak andikap.

Pou jwenn yon lis pwojè AT eta a, ale sou <http://askjan.org/cgi-win/TypeQuery.exe?735>

Komite pou Lavi Otonòm Atravè Eta a (Statewide Independent Living Councils, SILCs)

SILC yo kolabore avèk ajans re-adaptasyon pwofesyonèl eta a pou devlope plan lavi otonòm eta a.

Pou jwenn yon lis SILC nan eta ou a, ale sou www.ilru.org/html/publications/directory/association.html

Lòt Resous

Lwa Konsènan Re-Adaptasyon a

www.ed.gov/policy/speced/reg/narrative.html

Yon Gid sou Lwa Konsènan Andikap Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice)

www.usdoj.gov/crt/ada/cguide.htm

Oto-Detèminasyon

San Nasyonal pou Oto-Detèminasyon (National Center on Self-Determination)

defini oto-detèminasyon kòm kapasite moun genyen pou yo fè chwa ki pèmèt yo egzèse kontwòl sou pwòp vi yo, reyalize objektif yo vize, ak jwenn konpetans ak resous ki nesèsè pou patisipe nan sosyete a konplètman ak nan yon fason enpòtan.

Pratike Oto-Detèminasyon Bonè epi Souvan

Elèv ki demontre konpetans nan oto-detèminasyon pandan yo lekòl gen plis chans pou yo jwenn bon rezilta apre lekòl pase sa yo ki pa gen konpetans sa yo.

Men kèk egzanp konpòtman moun ki gen oto-detèminasyon

- Di lòt moun kisa yo bezwen
- Evalye pwogrè y ap fè pou reyalize objektif yo
- Adapte kijan y ap travay selon sitiyasyon an
- Kreye nouvo apwòch pou rezoud pwoblèm

Pran Kontwòl Vi ou

Lè yon moun gen menm opòtinite a plizyè fwa, sa fè li vin gen eksperyans ladan. Epitou, eksperyans ede moun nan devlope konpetans nan oto-detèminasyon pou li kapab aprann fason pou li pran kontwòl gwo evènman nan vi li. Si yon moun ak andikap pa gen konpetans nan oto-detèminasyon ki solid, jeneralman l ap gen plis difikilte pou jwenn yon travay oswa yon bon travay.

Ankouraje Oto-Detèminasyon

Si ou se yon manm fanmi / edikatè / pwofesyonèl, ede moun nan konprann andikap li a. Chèche enfòmasyon sou fason moun ki gen menm kalite andikap la te reyisi nan vi yo ep pataje enfòmasyon sa yo ak li.

Etabli Objektif Pwofesyonèl

Patisipe nan eksperyans travay ki peye ak/oswa sa ki pa peye pou dekouvri chwa ak enterè nan travay.

Respekte Opòtinite Moun nan pou Aji Selon Desizyon li

Bay li opòtinite pou patisipe nan aktivite soti nan “rad pou mete” rive nan devlopman IEP Tranzisyon yo. Idantifye Sipò ki Kapab Nesesè pou Aprann

Konpetans nan Oto-Detèminasyon

Pa egzanp, anpil moun ki gen gwo andikap pa konnen ki jan pou yo vwayaje poukont yo. Fòmasyon nan Vwayaje kapab ede moun nan vin pi otonòm ak gen plis oto-detèminasyon. (Gade nan Lòt Resous pou jwenn pou jwenn plis enfòmasyon sou Fòmasyon nan Vwayaje)

Lòt Resous

Pwojè AKSYON Easter Seals la

Misyon an se pou pwomouvwa aksè inivèsèl nan transpò pou moun ak andikap selon lwa federal ak plis toujou kote li kreye yon patenarya ak konpayi transpò, kominote andikap la, ak lòt kote li bay fòmasyon, asistans teknik, rechèch aplike, sansibilizasyon, ak kominikasyon.

Telefòn: 800-659-6428

<http://projectaction.org>

Sant pou Oto-Detèminasyon (Center for Self-Determination)

Asistans Teknik pou moun ak òganizasyon k ap eseye chanje sistèm sipò yo selon prensip oto-detèminasyon yo.

35425 Michigan Ave W, Wayne, MI 48184

Telefòn: 734-722-7092

www.centerforself-determination.com

NICHCY-Fòmasyon nan Vwayaje

www.nichcy.org/wp-content/uploads/docs/ts9.pdf

Preparasyon pou yon Reyinyon pou IEP Tranzisyon

Lè nou pataje yon vizyon nou pou demen yon fason ki klè, sa kapab ede tout moun konprann bagay yo menm jan an pou ekip IEP a kapab travay ansanm pou reyalize vizyon sa a. Elèv la ak fanmi an konnen bagay lòt moun pa konnen sou sa ki enterese elèv la ak sa li pito, epi se yo ki gen plis enterè nan avni elèv la. Lè ekip IEP a konprann objektif elèv la pou demen, lè sa a y ap kapab konsantre plis sou edikasyon ak devlope koneksyon ki pral enpòtan pou li gen yon bèl avni.

Fanmi an ta Dwe Chita Ansanm pou Diskite ak Eksplòre Kesyon tankou:

- Ki rèv pitit gason oswa pitit fi ou genyen pou lè li fini ak lekòl?
- Ki pwèn fò ak enterè li genyen nan domèn lavi otonòm, travay, lavi lekòl, aprantisaj, lwazi, ak rekreyasyon?
- Kisa yo kapab fè kounye a?
- Ki kalite sipò oswa fòmasyon yo bezwen pou yo ka aprann konpetans nan lavi otonòm, travay, rekreyasyon, ak lwazi?
- Ki kote yo ta renmen viv epi ki sipò ki t ap nesèsè pou yo ka viv san pwoblèm?
- Kisa yo renmen fè pou rekreyasyon ak plezi?
- Kisa ki priyorite yo nan moman an?

Ekri yon “Deklarasyon sou Rezilta Apre Lekòl”

Deklarasyon sa a dwe abòde tout domèn tankou edikasyon apre lekòl segondè, fòmasyon pwofesyonèl, edikasyon pou adilt, travay, lavi otonòm, ak patisipasyon nan kominote a.

Gade Lòt Plan ki Genyen

Familyarize tè ou ak lòt plan yo, tankou yon plan sipò si li sou yon Egzanpsyon Medicaid pou ede garanti yo kowòdone sèvis yo.

Ekri Kesyon ou vle Poze yo Tankou:

- Èske chak Objektif Anyèl abòde youn oswa plis nan bezwen nou te idantifye yo?
- Kilè chak Objektif Anyèl ap fini?
- Kiyès ki pral pran responsablite pou kòmanse sèvis yo?
- Èske gen okenn bagay ki manke nan sipò nou bezwen abòde?

Lòt Resous

Transition Planning: A Team Effort

www.nichcy.org/wp-content/uploads/docs/ts10.pdf

Gid Konsènan Evalyasyon Tranzisyon

Selon Laj Elèv la

www.nsttac.org/content/age-appropriate-transitionassessment-toolkit

IRIS Online Module: School Counselors:

Pou Fasilite Tranzisyon pou Elèv

yo Soti Nan Lekòl Segondè pou Ale Nan Anviwònman Apre Lekòl

<http://iris.peabody.vanderbilt.edu/>

Transition: It's All About Me!

Yo te kreye gid sa a pou elèv ki soud ak tande di yo,

apatide 14 zan jiskaske yo adilt.

www.pepnet.org/itransition

Whose Life Is It Anyway?

Fason yon Adolesan, Paran li yo, ak Pwofesè li

wè Pwosesis Tranzisyon an pou yon Jèn Moun ak Andikap

www.waisman.wisc.edu/cedd/pdfs/products/family/wliianyway.pdf

Bagay ki Kle pou fè yon Bèl Tranzisyon

Ou pa “jis leve” epi ou fè yon bèl tranzisyon pou soti lekòl epi ale travay, viv ak otonomi, gen plis edikasyon/fòmasyon, ak viv nan kominote a. Li mande travay, planifikasyon, ak angajman.

Ankouraje Lidèchip Fanmi an

Rezilta tranzisyon yo pi bon lè elèv la al paran li jwe yon wòl lidèchip nan demach pou planifye ak aplike tranzisyon an.

Ankouraje Oto-Detèminasyon

Pou devlope oto-detèminasyon kay elèv la, fè li patisipe nan demach yo epi itilize zouti tankou tiliv “Dare to Dream” (Oze Reve) a. (Gade nan Lòt Resous pou jwenn plis enfòmasyon.)

Devlope Rezilta ki Klè

Devlope yon deklarasyon sou rezilta pou apre lekòl ki ekri byen klè selon preferans ak enterè elèv la epi mete li ajou lè sa nesèsè. Deklarasyon an dwe abòde tout domèn tankou edikasyon apre lekòl segondè ak edikasyon pou adilt, fòmasyon pwofesyonèl, lavi otonòm, ak travay.

Travay Pou Nou Pataje Menm Angajman an

Devlope angajman pou aplike Plan Tranzisyon an anndan ekip la.

Chanje Plan an lè sa Nesèsè

Kontinye adapte Plan Tranzisyon an lè enterè oswa preferans elèv la chanje.

Rete Konekte

Kontakte ajans ak òganizasyon kominotè yo, pou w asire chak enstitisyon konprann wòl ak responsablite yo.

Ale Vè Etap “Jwenn Yon Travay / Jwenn Yon Vi”

Lè ou gen yon tra entegre ak bonjan

sipò, sa kapab kreye yon koneksyon ak kominote a. Nou kapab bezwen devlope yon Plan Endividyèl pou Travay (Individual Plan for Employment, IPE) ak Re-Adaptasyon Pwofesyonèl pou ede prepare pou jwenn, reprann, kenbe, oswa avanse nan travay.

Gade Edikasyon siperyè / Fòmasyon

Pou li kapab jwenn yon bon travay nan yon domèn ki enterese elèv la, likapab bezwen resevwa edikasyon siperyè oswa plis fòmasyon.

Fè rechèch sou nenpòt degre, sètifika, oswa klas k ap nesesè epi mete mete objektif yo nan IEP Tranzisyon an pou ede elèv la travay pou resevwa edikasyon ak fòmasyon an plis sa a.

Lòt Resous

NICHCY

Transition to Adulthood

www.nichcy.org/schoolage/transitionadult

Diploma Decisions for Students with Disabilities

www.cpt.fsu.edu/ese/pdf/diploma.pdf

Wrightslaw-Transition

www.wrightslaw.com/info/trans.index.htm

Moving On to High School

www.communityinclusion.org/article.php?article_id=148

Funding Education Beyond High School:

The Guide to Federal Student Aid

<http://studentaid.ed.gov/sites/default/files/2012-13-fundingyour-education.pdf>

Aksè nan Divizyon VR a

Sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl yo gen entansyon pou ede moun ki gen andikap yo ak ede gen plis chans pou jwenn travay, vin pi otonòm ak lajan, gen plis otonomi, ak entegre nan espas travay la ak kominote a grasa pwogram modèn ki konplè ak byen òganize. Kou yo detèmine elèv la kalifye, y ap bezwen devlope yon Plan Endividyèl pou Travay (Individual Plan for Employment, IPE) pou aktivite sèvis re-adaptasyon yo idantifye yo.

Konnen Objektif Re-Adaptasyon Pwofesyonèl

Divizyon Re-Adaptasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation, DVR) bay sèvis pou moun kalifye ki gen yon pwoblèm fizik oswa mantal. Sèvis sa yo fèt pou pèmèt yon moun prepare pou, jwenn, kenbe, oswa reprann travay.

Aplike pou Sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl

Yon moun ap kalifye pou sèvis DVR yo si li gen yon pwoblèm fizik oswa mantal epi li gen yon objektif pou jwenn travay. Anjeneral, y ap deside si ou kalifye avan 60 jou apre ou aplike pou sèvis yo. Si w ap resevwa Asirans Sekirite Sosyal pou Andikape (Social Security Disability Insurance, SSDI) oswa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) pou andikap ou a, ou ka kalifye pou sèvis DVR si ou gen entansyon chèche yon travay.

Devlope Plan Endividyèl pou Travay (Individual Plan for Employment, IPE) ou

Yon IPE se yon objektif alekri pou travay epi l ap enpòtan anpil pou ou devlope li ak rezilta travay ekri ki klè. Pou DVR kapab bay sipò ki nesèsè pou reyalize objektif pou travay la, sèvis la dwe presize nan IPE a.

Konnen Kisa Sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl yo ye

DVR ofri lòt sèvis ki ka nesesè pou ede nan re-adaptasyon. Selon andikap la ak objektif pwofesyonèl la, youn oswa plis nan sèvis sa yo kapab nesesè:

- **Evalyasyon Pwofesyonèl**
- **Planifikasyon Metye**
- **Plasman nan Travay**
- **Konsèy ak Oryantasyon**
- **Antrènman nan Travay**
- **Evalyasyon Bezwen pou Teknoloji**
- **Tretman ak Kominikasyon ak Langaj**
- **Fòmasyon/Edikasyon Apre lekòl segondè**
- **Sèvis Sipò**
- **Dyagnostik Medikal ak Sikolojik**
- **Travay Sou Sit / Analiz ak Tretman Travay**

Lòt Resous

Ajans Divizyon Re-Adaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation Agencies, DVR)

Ajans Re-Adaptasyon Pwofesyonèl Eta yo ede moun ak andikap k ap pouswiv yon bon metye ak fòmasyon, edikasyon, ak finansman.

Pou yon lis Ajans DVR yo, ale sou

<http://askjan.org/cgi-win/TypeQuery.exe?902>

Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Programs, CAP)

CAP se yon rezo ajans pou dwa moun ak andikap ki konsantre sou zafè jiridik nan tout peyi a epi ki gen mande kongrè a.

Pou jwenn yon lis biwo CAP yo, ale sou

<http://askjan.org/cgi-win/TypeQuery.exe?039>

What is Order of Selection?

www.ilr.cornell.edu/edi/publications/PPBriefs/PP_23.pdf

Fèy Enfòmasyon

Pwogram Sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl Eta a

[www.modot.gov/mcs/documents
statevocationalrehabilitationinformation.pdf](http://www.modot.gov/mcs/documents/statevocationalrehabilitationinformation.pdf)

Devlope Yon IPE

Yon Plan Endividyèl pou Travay (Individual Plan for Employment, IPE) bay oryantasyon pou aktivite sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl yo. Objektif sèvis Re-Adaptasyon Pwofesyonèl yo se pou ede yon moun ak yon andikap pou jwenn, kenbe, oswa reprann travay. San yon IPE ki devlope byen klè ak detaye, Re-Adaptasyon Pwofesyonèl la pa kapab ede li fè plan an vin yo reyalyite kòm sadwa.

Chwazi yon Rezilta Travay Espesifik

Idantifye yon objektif travay ki baze sou pwèn fò, enkyetid, kapasite, ak enterè elèv la.

Planifye pou Resevwa Sèvis yo nan Anviwònman ki pi Entegre a

Lè yon elèv travay nan kominote a sa bay li anpil opòtinite pou fè pati kominote a ak konekte ak li. Eksplòre ki kalite sèvis ki nesèsè pou fè li mache.

Etabli yon Kalandriye

Idantifye lè sèvis yo ap kòmanse epi lè pou reyalyize chak objektif.

Idantifye Òganizasyon ki Pral Bay VR a Sèvis

Aprè nou fin deside kiyès ki pral bay chak sèvis, diskite sa ki pral fè pou bagay yo fèt.

Detèmine Fason yo pral Evalye Pwogrè

Diskite epi dakò sou kijan nou pral mezire pwogrè ak kijan tout moun ki enplike pral konnen li fè pwogrè.

Detèmine responsablite VR, Moun nan, ak Ajans k ap bay Sèvis yo

Chak moun dwe gen yon dokiman ekri byen klè ki pou kisa responsablite yo ye ak kijan yo tout moun ki enplike yo pral kominike.

Detèmine si I ap Bezwen Travay avèk Sipò

Travay avèk sipò kapab fè yon gwo diferans pou moun ki gen anpil andikap jwenn yon bon travay nan anviwònman ki pi entegre.

Detèmine si I ap Bezwen Nenpòt Sèvis Apre Travay

Diskite sou ki kalite sipò swivi yon moun pral bezwen pou li kenbe travay li ak vanse ak metye li.

Lòt Resous

Sekirite Sosyal Anliy-Sit Travay la - Biyè pou Travay

www.ssa.gov/work/

Travay Endepandan ak yon IPE

www.start-up-usa.biz/resources/content.cfm?id=646

Ajans Re-Adaptasyon Pwofesyonèl Eta yo ak Obligasyon yo pou Maksimize Travay

Se Pwojè Defans Teknoloji ki Asiste
(National Assistive Technology Advocacy Project) ki Pibliye li

Disponib pou telechaje sou:

www.nls.org/Disability/VocationalRehabilitation

StateVocationalRehabilitationAgenciesMaximizeEmployment

Konsèy Re-Adaptasyon Eta (State Rehabilitation Council, SRC)

SRC a gen diferan kalite manm ladan, Gouvenè a te nome, ki enterese nan moun ak andikap epi ki reprezante yo. SRC a, pami lòt bagay, ap travay an patenarya avèk DVR Eta a pou egzaminen, evalye ak konseye Depatman an konsènan fason I ap travay yon fason espesifik ak jeneral, ak efikasite li. Kontakte DVR eta ou a pou jwenn plis enfòmasyon sou Kontakte Re-adaptasyon yo a.

Lavi Otonòm

Konpetans pou Lavi Otonòm se konpetans ki nesèsè pou yon moun viv ak otonomi mezi li posib. Pa gen pèsonn, kit li gen yon andikap ou pa, ki fèt ak konpetans sa yo; tout moun aprann yo. Pou moun ak andikap yo, kèk nan konpetans sa yo kapab vrèman difisil oswa pran anpil tan pou metrize, epi yo kapab bezwen aparèy ki asiste ak/oswa plis fòmasyon ak repetisyon pou reyalize pi gran nivo otonomi posib.

Konpetans pou Lavi Otonòm ka Gen Ladan:

- Fason pou Jere Kay
- Fason pou Kreye Bidjè, fè Tranzaksyon Labank, ak Jere Lajan
- Fason pou Viv ak Moun ak Relasyon
- Fason pou Jere Estrès
- Fason pou Defann Dwa ou ak Gen Konfyans nan Tèt ou
- Vwayaj ak Transpò
- Fason pou Rezoud pwoblèm (legal, fanmi, sosyal)
- Preparasyon / Planifikasyon Repa
- Fason pou fè Makèt
- Fason Pou Kenbe Kò ou Pwòp
- Mouvman
- Swen Sante Pèsonèl
- Fason pou Jwenn Aksè Nan Resous Kominotè yo

Kòmanse Montre Konpetans pou Lavi Otonòm Bonè

Fè pitit gason oswa pitit fi ou patisipe nan aktivite pou jere kay ou. Menm si limit fizik anpeche yo fè travay yo, yo ka bezwen konnen ki jan pwosesis la ap travay pou yo ka di yon lòt moun kisa pou yo fè. Pou elèv ki nan lekòl yo sèvi anba IDEA yo, entegre devlopman konpetans nan lavi otonòm kòm yon pati IEP Tranzisyon yo. Lè yo gen anpil andikap, konsidere kòmanse yon IEP Tranzisyon avan yo gen 16 zan. Kèk eta kòmanse lè yo gen 14 zan.

Kiltive Lespri ak Talan Pitit Gason oswa Pitit Fi ou

Kite yo fè etid ak responsablite lekòl yo (devwa, pwojè), se pa ou ki sipoze fè yo. Bay yo jwa ki genyen lè ou reyisi.

Kontakte Sant pou Lavi Otonòm (Center for Independent Living, CIL) Lokal ou a

Jeneralman CIL yo se òganizasyon ki pa rezidansyèl, prive ki pa la pou fè pwofi, kliyan yo kontwole, epi ki baze nan kominote a pou bay sèvis ak defann dw moun ki gen tout kalite andikap pou ede yo reyalize tout sa yo kapab. Mande asistans nan men CIL lokal ou a pou evalye konpetans Lavi Otonòm ak idantifye bezwen pou devlopman konpetans.

Konsidere Itilize Teknoloji ki Asiste pou Gen Plis Otonomi

Itilize yon zouti tankou WATI AT ak Tranzisyon pou ede idantifye domèn lavi otonòm ou ka jwenn èd teknoloji ki asiste ladan. (Gade nan Lòt Resous pou jwenn pou jwenn plis enfòmasyon sou WATI AT ak Tranzisyon)

Lòt Resous

Komite pou Lavi Otonòm Atravè Eta a (Statewide Independent Living Councils, SILCs)

SILC yo kolabore avèk ajans re-adaptasyon pwofesyonèl eta a pou devlope plan lavi otonòm eta a.

Pou jwenn yon lis SILC nan eta ou a, ale sou

www.ilru.org/html/publications/directory/SILC.html

Inisyatif Teknoloji ki Asiste Wisconsin (Wisconsin Assistive Technology Initiative, WATI)

Teknoloji ak Asiste (Assistive Technology, AT) ak Tranzisyon

Yon dokiman itil pou ede idantifye opòtinite teknoloji ki asiste pou ogmante konpetans nan lavi otonòm.

www.wati.org/?pageload=contents/support/feed/index.php

Dis (10) Konsèy pou Pase yon Bèl Entèvyou Travay

Menmsi se premye oswa dizyèm entèvyou travay ou, ou gendwa gen kè sote. Tout moun gen kè sote lè yo nan yon entèvyou travay. Men kèk ti konsèy pou w ka pase yon bèl entèvyou travay:

1. Pratike pou w fè pwogrè! Mande paran ou oswa zanmi ou pou ede w pratike yon entèvyou travay, fè yon lis kesyon ou panse yon moun k ap bay entèvyou te ka mande ou ak yon lis kesyon ou kapab poze. Apre ou fin pratike ak yo, ou pral pi byen prepare ak gen plis konfyans nan tèt ou pou entèvyou travay la.
2. Ou dwe toujou fre lè w al nan yon entèvyou travay. Aparans ou enpòtan pou anplwayè yo.
3. Ale nan entèvyou travay la bonè, piga ou rive an reta! Lè ou rive an reta sa di moun k ap ba ou entèvyou a ou pa pran travay la oserye.
4. Toujou souri epi bay moun k ap bay entèvyou a lamèn pou salye li. Rete ou menm. Fyète ou pou ki moun ou ye ak sa ou kapab fè ap parèt. Sa a ka ede ou rive lwen kòm premye enpresyon.
5. Rilaks, raple tèt ou yon entèvyou se jis yon konvèsasyon ant de (2) oswa plis moun k ap aprann kimoun youn ak lòt ye.
6. Pran yon ti moman pou w reflechi avan ou reponn yon kesyon. Sonje pou w reponn kesyon yo ak fraz konplè. Pa egzanp: “Wi, mwen ka klase dosye nan lòd alfabetik”, oswa “Wi, mwen ka reponn telefòn ak pran mesaj”. Eseye pa reponn kesyon yo ak “Ya” oswa “En-hen”.
7. Piga ou pè pran yon ti tan pou pale pou tèt ou. Se pa djòlè w ap fè, ou jis ap ap fè konpayi a konnen konpetans ou yo t ap gen anpil valè pou yo. Ou pa bezwen pale sou aktivite pèsònèl ou ki pa gen pou wè ak travay la amwenske yo mande ou sa.

8. Eseye toujou gade moun k ap fè entèvyou a nan zye. Sa gendwa parèt difisil, men li di moun k ap fè entèvyou a ou enterese nan sa l ap di a.
9. Sonje ou ka poze kesyon tou. Entèvyou sa a se pa sèlman pou konpayi a deside si y ap ba ou travay la ou pa; li se pou w konnen si ou vle travay ak konpayi a tou. Men kèk kesyon ou kapab poze:

- Konbyen salè w ap ofri m nan ye?
- Konbyen èdtan oswa konbyen jou mwen pral travay?
- Èske mwen gen yon opòtinite pou jwenn pwomosyon?
- Èske ou ogmante salè chak ane oswa èske li baze sou merit / ranman?
- Ki pwogram vakans / avantaj ou genyen?
Èske li gen asirans sante, asirans lavi, pwoteksyon pou andikap akoutèm oswa alontèm, oswa pwogram 401k?

Sa a se yon bon moman pou eksplike ak mande nenpòt aranjman espesyal ou bezwen, konje, oswa nenpòt bagay enpòtan ki dwe an plas avan ou kòmanse travay.

10. Fè swit apre entèvyou a. Youn oswa de (2) jou pare entèvyou a, l ap yon bon ide pou w voye yon ti mesaj pou remèsye moun ki te ba ou entèvyou a pou opòtinite li te ba ou pou kontre ak li. Sa a se yon mesaj enpòtan pou moun nan epi li montre devouman ak enterè ou nan pozisyon an.

Enpòtan: Pa bliye netwaye imaj ou sou entènèt la epi itilize yon adrès imèl ki apwopriye avan ou soumèt rezime ou oswa aplikasyon ou pou yon travay. Anplwayè yo ap verifye Facebook, MySpace, Twitter, ak lòt site rezo sosyal yo pou jwenn pou jwenn plis enfòmasyon sou ou. Pa bliye mete pa ou prive oswa kite sèlman enfòmasyon ou pa t ap gen pwoblèm pou anplwayè ou konnen sou ou.

Abiye pou w Reyisi!

Lè Nou Fre, Nou Santi Nou Byen Tou!

Se yon bèl bagay lè nou chita lakay nou ak pantalon jòging nou ak yon mayo sou nou, men èske nou t ap mete bagay sayo nan yon entèvyou travay? Èske nou t ap mete yo nan yon reyinyon konpayi a? Fason nou prezante tèt nou ak sa nou mete sou nou reprezante kiyès nou ye ak sa nou santi de tèt nou. Si nou fre, nou gen yon bo souri, epi rad nou byen pase, pwòp, epi koulè yo chita byen ansanm, lè sa a n ap voye yon mesaj enpòtan bay moun nou rakontre yo, sitou moun nou rankontre nan yon entèvyou travay, reyinyon travay, ak aktivite fòmèl. Fason nou abiye di kiyès nou ye!

Men kèk bèl ti konsèy:

Èske w janm tande yon moun di, “Cheve Mwen pa Bon Menm Jodiya”?

- Yon moun gen dwa gen pwòp estil li epi li gendwa eksprime tèt li nan fason pa li, men, konpayi yo ak direksyon konpayi yo pito yon moun ki gen yon estil klasik.
- Gason: Evite koup ki pa tradisyonèl (ekriti nan tèt nou oswa yon Mohawk). Pa kite cheve tonbe sou fiti ou. Lè ou pa konnen ki koup pou w fè, yon koup ki kout ak pwòp pi bon.
- Fi: Lè ou gen detwa grenn cheve nan figi yo, yo pa toujou pran sa pwofesyonèl. Cheve long bèl lè li pwòp ak byen penyen.

Ijyèn Pèsonèl:

Sa enpòtan anpil! Li enpòtan pou ou sonje pou ou benyen, lave cheve ou, mete deyodoran, epi bwose dan ou. Jeneralman yon moun pa t ap janm blese yon moun tou di l li santi fò, men si ou santi fò oswa bouch ou santi, yon moun gendwa pa vle rete bò kote ou oswa pale ak ou pandan lontan. Sa a se laverite sitou pou moun ki gen posiblite pou a ou travay la.

Chwa Rad:

Sa kapab yon bagay byen senp tankou yon pantalon twal nwa ak yon chemiz oswa kòsaj ak yon bèl koulè solid (koulè solid yo mache pi byen ak nwa). Koulè nwa a di ou klasik ak pwofesyonèl tou.

- **Pi bon chwa yo se wòb ak jip ki tonbe sou jenou oswa pi ba.**
- **Evite mete tenis. Pi bon swa a se toujou soulye.**
- **Evite mete pantalon djin. Ou vle patwon an pran ou oserye, donk abiye tankou yon moun serye.**

Bijou:

Si ou deside mete bijou, pa mete twòp. De bag nan nenpòt ki men deja tout sa ou bezwen. Yon braslè, yon mont, ak yon pè zanno. Li toujou pi bon lè ou rete senp. Epitou, si ou mete bijou oswa ou gen kote ki pèse nan figi ou, I ap pi bon si ou pa mete li lè ou ale nan entèvyou travay la. Menmsi kèk konpayi ki pa gen pwoblèm ak sa, toujou gen anpil ki pa renmen li. Poukisa pou w ta pran yon risk?

Gade nan Glas la!

Aprè ou fin abiye pou entèvyou travay la epi glas la se tès final la! Poze tèt ou kesyon sa yo:

- **Èske mwen konfòtab ak sa ki sou mwen an?**
- **Èske rad mwen an chita byen sou mwen?**
- **Èske sa ki sou mwen an apwopriye pou okazyon an?**
- **Èske mwen kontan ak sa ki sou mwen an?**

Si ou te reponn “wi” pou tout kat (4) kesyon yo, ou pare pou entèvyou travay ou.

Bòn chans!

Aranjman nan Travay

Yon aranjman se yon modifikasyon nan yon travay oswa anviwònman travay ki pèmèt aplikan oswa anplwaye kalifye ki gen yon andikap fè fonksyon travay esansyèl li.

Jwenn Èd ak Idantifikasyon Aranjman nan Travay

Rezo Aranjman nan Travay la se yon sèvis gratis Biwo Règleman Andikap (Office of Disability Policy, ODEP) nan Depatman Travay Etazini. (Rele 800-526-7234 oswa al gade nan Lòt Resous pou lòt opsyon ki genyen.)

Pri ak Opsyon Rechèch

Aranjman nan Travay yo ka koute anpil lajan; men, lis pase mwaye nan tout aranjman yo koute pi piti pase \$500.

Demann pou Aranjman

Menm si ADA pa egzije sa, yo sijere pou anplwaye yo mande pou aranjman alekri. Aranjman nan travay yo ka idantifye tou kòm yon pati nan yon IPE (Plan Endividyèl pou Travay).

Konnen Kijan yo Finanse Aranjman nan Travay yo

- Ankourajman taks disponib pou anplwayè yo
- Re-Adaptasyon Pwofesyonèl
- Kredi nan Pwogram Finans Altènatif nan FFAST.org
- Acha ou finanse poukont ou
- Ekipman resikle

Konnen Kilè yon Anplwayè Pa Oblije Satisfè Règleman ADA ki Obligatwa yo

Konpayi ki pi piti yo pa ka oblije bay aranjman, men Re-Adaptasyon Pwofesyonèl ka trè itil nan ofri asistans ak aranjman pou travay kòm yon pati nan aplikasyon IPE y (Plan endividyèl Pou Travay) yon moun.

Lòt Resous

Rezo Aranjan nan Travay (Job Accommodation Network, JAN)

Yon sèvis gratis ki bay anplwayè yo, ajans ki ede jwenn travay yo, moun ki gen andikap, fanmi yo, ak lòt moun ki enterese gen enfòmasyon sou aranjan pou travay, travay endepandan, opòtinite ti biznis, ak zafè ki gen rapò ak travay pou moun ak andikap.

800-526-7234

Imèl: jan@askjan.org

Sitwèb: www.askjan.org

Pwosesis pou Aranjan nan Travay:

Etap ou Solisyon ki Baze sou Kolaborasyon
www.askjan.org/pubsandres/list.htm#prod

Sèvis Asistans Pèsonèl nan Travay la

www.askjan.org/media/pas.html



Travay avèk Sipò

Opòtinite pou moun ki gen gwo andikap pou jwenn yon bon travay ap agrandi kòm opsyon pou Travay avèk Sipò pandan opsyon yo ap parèt kòm yon altènativ pou pwogram Fòmasyon Lajounen pou Adilt (tankou atelye pwoteje yo).

Travay Avèk Sipò se yon fason pou moun yo konn refize travay (paske yo te panse andikap yo a te tèlman grav) ka jwenn travay, avanse nan karyè yo, ogmante entèraksyon sosyal, epi kontinye jwenn sipò regilyèman toutotan sa nesèsè.

Travay avèk sipò bay asistans tankou antrenè travay, transpò, teknoloji ki asiste, fòmasyon travay espesyal, ak sipèvizyon ki pèsonalize pou moun nan menm. Travay avèk sipò ankouraje moun yo pou yo travay nan kominote yo, entèraksyon sosyal, ak entegrasyon.

Eksplòre Opòtinite nan Karyè

Konsantre sou enterè, kapasite, ak bezwen moun nan tankou la eksperyans eksperyans tankou klas edikasyon pwofesyonèl, travay li te swiv moun fè, travay li te eseye fè, ak travay li gen nan moman an.

Kreye opòtinite pou Devlope Konpetans nan Oto-Detèminasyon

Patisipe nan reyinyon pou bay enfòmasyon, preparasyon akademik ak preparasyon pou karyè, ak pran desizyon.

Pran Kontwòl Resous yo

Aprann kijan pou w achte sèvis ak sipò yo. Fanmi, konseye pèsònèl, ak lòt moun k ap defann dwa w ou fè konfyans ka ede lè li nesèsè.

Bonjan Travay ki Baze sou sa Moun nan Vle

Konsidere kalite anviwònman travay la, aktivite yo, kantite èdtan, salè, sipò, transpò, opòtinite pou vanse nan karyè li, lòt faktè konsa, ak kijan yo koresponn ak sa moun nan vle li menm.

Idantifye Nenpòt Sipò ki Nesèsè ak Apwopriye

Itilize aranjman travay, teknoloji ki asiste, ak sipò pèsonalize avan travay la, nan travay la, ak deyò travay la. Konekte ak Sèvis pou Adilt.

Lòt Resous

Yon Apèsi sou Travay avèk Sipò

Office of Disability Employment Policy

US Department of Labor

Frances Perkins Building

200 Constitution Ave NW • Washington, DC 20210

Telefòn: 866-633-7365 • TTY: 877-889-5627

**[www.dol.gov/odep/categories/workforce/
customizedemployment/practical/edge](http://www.dol.gov/odep/categories/workforce/customizedemployment/practical/edge)**

APSE

Endikatè Travay avèk Sipò APSE

Piblikasyon pou telechaje:

www.apse.org/docs/QualityIndicators.pdf



Enfòmasyon ak Resous

Sa ki anba la a se yon lis pasyèl resous itil ki gen rapò ak travay, planifikasyon tranzisyon, ak sipò pou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan **800-825-5736** oswa voye yon imèl bay fnd@fndusa.org

Epitou ou kapab ale sou www.fndusa.org

National Center on Secondary Education and Transition Institute on Community Integration

University of Minnesota

6 Pattee Hall, 150 Pillsbury Dr. SE

Minneapolis, MN 55455

Telefòn: 612-624-2097

Imèl: ncset@umn.edu

Sitwèb: www.ncset.org

Office of Disability Employment US Department of Labor

Frances Perkins Building

200 Constitution Ave. NW

Washington, DC 20210

Telefòn: 866-633-7365

TTY: 877-889-5627

Sitwèb: www.dol.gov/odep/

Project 10: Transition Education Network

University of South Florida

Adrès Fizik: 529 First St. South

Adrès Postal: 140 Seventh Ave. South, SVB 112

St. Petersburg, FL 33701

Telefòn: 727-873-4661

Sitwèb: www.project10.info

DO-IT

University of Washington

Box 354842

Seattle, WA 98195-4842

Telefòn: 888-972-DOIT (3648)

Fax: 206-221-4171

Sitwèb: www.washington.edu/doi/

**Sant Enfòmasyon ak Resous pou Paran Tranzisyon
pou vin Adilt (Center for Parent Information
and Resources Transition to Adulthood)**

Adrès Postal

Center for Parent Information and Resources

c/o Statewide Parent Advocacy Network

35 Halsey St., Fourth Floor

Newark, NJ 07102

<http://www.parentcenterhub.org/repository/transitionadult/>

Swiv-'Renmen'-Gade-Twit



Telechaje aplikasyon nou an!
FND Disability Resources



KONTAKTE NOU Pou jwenn plis enfòmasyon



Family Network on Disabilities

2196 Main St. • Suite K
Medley, FL 34698

Telefòn: **800-825-5736** oswa **727-523-1130**

Faks: **727-523-8687**

Imèl: **fnd@fndusa.org**

Sitwèb FND: **www.fndusa.org**



Nou te kreye tiliv sa a an pati grasa: Pwogram Tranzisyon, Lavi Otonòm, Travay ak Sipò (Transition, Independent Living, Employment and Support (TILES)) nan Rezo Fanmi sou Andikap (Family Network on Disabilities). Pou jwenn plis enfòmasyon sou TILES, ak lòt pwogram FND gen pou ofri, tanpri ale sou sitwèb www.fndusa.org.

Sa yo ki nan materyèl nou yo te devlope grasa yon bous Depatman Edikasyon Etazini te bay, #H328M150043, #H328M150042 ak #H328M150041. Men, sa yo ki ladan an pa nesesèman reprezante regleman Depatman Edikasyon Etazini, epi ou pa ta dwa sipoze Gouvènman Federal la andòse yo. Responsab Pwojè a: Greg Knollman.

Pwogram Sant Fòmasyon ak Enfòmasyon ou Paran (Parent Training and Information, PTI) nou an, ki te resevwa finansman nan Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal (Office of Special Education Programs, OSEP), nan Depatman Edikasyon Etazini a, ede garanti paran timoun ki gen diferan andikap sou IDEA a, moun k ap defann dwa yo, ak pwofesyonèl ki travay ak yo a jwenn fòmasyon ak enfòmasyon yo bezwen pou prepare non sèlman pou lekòl, men pou elèv ak andikap yo kapab viv yon vi pwodiktif ak otonòm nan tout mezi li posib.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo:

Alachua, Baker, Bay, Bradford, Calhoun, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Escambia, Flagler, Franklin, Gadsden, Gilchrist, Gulf, Hamilton, Holmes Jackson, Jefferson, Lafayette, Leon, Levy, Liberty, Madison, Marion, Nassau, Okaloosa, Putnam, Santa Rosa, St. John’s, Suwannee, Taylor, Union, Volusia, Wakulla, Walton, ak Washington.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: **Brevard, Citrus, De Soto, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lake, Manatee, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota, Seminole, St. Lucie, ak Sumter.**



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo: **Broward, Charlotte, Collier, Glades, Hendry, Lee, Martin, Miami-Dade, Monroe, ak Palm Beach.**